

Enskri nan Medicare apati biwo administratif sekirite sosyal la

Pou enskri nan Medicare apati biwo administratif sekirite sosyal la. Gen twa jan pou w enskri apati biwo administratif sekirite sosyal la.

Ale nan biwo sekirite sosyal ki pre lakay ou a. Se pou w pran yon randevou si w gen pou w ale nan biwo sekirite sosyal ki pre lakay ou a pou w enskri nan Medicare. Li vreman rekòmande pou w pran randevou pou evite reta e evite tann anpil tan.

Pou w pran yon randevou nan biwo lokal la, se pou w sonnen biwo administratif sekirite sosyal la nan 800-772-1213.

Gade nan <https://secure.ssa.gov/ICON/main.jsp> pou w wè adrès biwo lokal la.

Enskri anliy. Pou evite tann, ou ka enskri anliy nan Medicare. Gen de jan pou w fè aplikasyon pou Medicare anliy :

- **Si w ap fè aplikasyon menm lè pou Medicare Part A e Part B,** ou ka itilize aplikasyon anliy la ki nan : www.ssa.gov/benefits/medicare/
- **Si w ap fè aplikasyon pou Medicare Part B apati Part B Special Enrollment Period (SEP),** ou ka itilize alò aplikasyon anliy la ki nan : <https://secure.ssa.gov/mpboa/medicare-part-b-online-application>

Enskri nan telefòn. Sonnen biwo administratif sekirite sosyal la nan 800-772-1213 pou w enskri nan Medicare nan telefòn.

Èske w manke enskri anvan dat limit enskripsyon an?

Si w gen pou w enskri nan Medicare, men w manke peryòd enskripsyon an, se pou w kominike ak State Health Insurance Assistance Program (SHIP) la pou yo ede w.



Navigating Medicare

Enfòmasyon pou kominike avèk SHIP lokal la

Nimewo telefòn gratis : 877-839-2675 (Pou w konekte avèk SHIP ou a, se pou w di : « Medicare »)

Pou lokalize SHIP sou entènèt la : www.shiphelp.org Klike sou :

[Find Local Medicare Help](#)

Pwojè sa a soutni, an pati, pa nimewo sibvansyon 90SATC0002 nan U.S. Administration for Community Living, Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènman an di ak tout libète sa yo konstate epi tou sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesesèman reprezante politik ofisyèl Administration for Community Living. [Mwa jen 2022]